



## **MANYÈL PATISIPAN**

### **Fòmasyon sou Jesyon Sant Operasyon Ijans (“GCOU”)**

Vèsyon adapte nan kad egzekisyon pwojè parhafs ki finanse pa Kooperasyon Swis, biwo Pò Sali.

#### **Benefisyè dirèk:**

“CLPC ak EIC” nan departman sid peyi d’Ayiti.

Inisyativ Kooperasyon Swis nan kad patenarya li avèk Direksyon Depatmantal Sid Pwoteksyon Sivil (“DDS/PC”)

Janvyè 2022

## **Fòmasyon sou Jesyon Sant Operasyon Ijans (“GCOU”)**

Vèsyon adapte nan kad egzekisyon pwojè parhafs ki finanse pa Anbasad swis, biwo Pò Sali.

## Endèks

<b>I. Preyanbil .....</b>	<b>3</b>
1.1. Objektif manyèl la	
1.2. Objektif atelye fòmasyon sou modil GCOU a	
1.3. Kontni fòmasyon sou modil Gcou ya	
<b>II. Leson 1/ Entwodiksyon sou direktiv yo .....</b>	<b>5</b>
2.1. Bi atelye ya	
2.2. Objektif espesifik yo	
2.3. Leson ki pral devlope yo	
2.4. Metòd ki dwe anvizaje	
2.5. Rezilta ki nesesè	
2.6. Evalyasyon	
2.7. Kòbèy	
2.8. Analiz atant patisipan yo	
<b>III. Leson 2/ Senaryo ijans .....</b>	<b>7</b>
31 Deskriptif yon evènman advès (siklòn) nan kategori 4	
32 Analiz alèt ak repons sou evènman an.	
33 Ipotèz planifikasyon	
<b>IV. Leson 3/ Apwòch jesyon risk ak jesyon dezaz .....</b>	<b>10</b>
<b>V. Leson 4/ SAP.....</b>	<b>14</b>
5.1. Konsèp yo (Sistèm, Alèt, Alam, Prekòs)	
5.2. Gwoup travay yo.	
5.3. Kòd koulè estratejik yak nivo vijilans yo	
<b>VI. Leson 5/ Jesyon sant opèrasyon ijans .....</b>	<b>21</b>
6.1. Òganigram GCOU	
6.2. Similasyon sou alèt preparatwa sou evènman advès la.	
6.3. Aranjman sant la selon standa apwòch sektoryèl yo.	
6.4. Monitoring sou analiz ak kòlèk done depi nan sant lan.	
<b>VII. Bibliyografi .....</b>	<b>23</b>

## I. Preyanbil

Manyèl sila se yon zouti ki adapte pou animasyon atelye fòmasyon sou modil Jesyon Sant Operasyon Ijans nan seksyon Babwa (Komin Pò Sali) ak seksyon Konde (Komin Koto) ki nan depatman sid peyi d' Ayiti. Se yon travay konjwen ant DDS/PC ak Kooperasyon Swis nan kadpwjè Parhafs ki ap egzekite nan kominote ke nou site anwo yo depi anviwon 2 zan. Pwojè sila vize ranfòse komite lokal pwoteksyon sivil 2 seksyon sa yo, yon fason pou yo kapab pi rezilyan pou fè fas ak tout fenomèn natirèl ou aleya ki menase frape kominote sa yo. Nan kad apwòch travay sa, pwojè ya pèmèt ke CLPC ak EIC 2 kominote sa yo kreye. Yo jwenn fomasyon epi tou kominote yo benefisyeabri pwovizwa pou resevwa moun ki an difikilte pandan peryòd ijans ki anviwone pasaj yon evènman advès.


### 1.1. Objektif manyèl la

Manyèl sa gen kòm objektif poun bay komite lokal pwoteksyon sivil nan seksyon Babwa ak Konde yon zouti ki senp, ki adapte nan lang yo, ki ka fasilite yo gen yon mèyè konpreyansyon sou konesans ke yap bezwen pou jere efikasman yon sant operasyon ijans lèske gen yon evènman advès ki okasyon anpil dega nan kominote yo.

### 1.2. Objektif atelye fòmasyon GCOU

Atelye modil **Jesyon Sant Operasyon Ijans lan** vize bay patisipan yo sifizamman konesans, zouti ak metòd pou jere efikasman yon sant operasyon ijans lèske gen yon evènman advès ki okasyon dega nan kominote yo.

**1.3. Kontni fòmasyon sou modil GCOU ya.**



## II. **Leson 1 Entwodiksyon sou direktiv yo**

Nan leson 1 an nap prezante yon rezime sou kontni jeneral fòmasyon Jesyon Sant Operasyon Ijans lan. Kontni kap devlope yo se sitou bi fòmasyon an, objèktif ki predefini yo, leson yo, metòd, rezilta ak analiz atant patisipan yo. Konsa, depi nan prezantasyon leson Entwodiksyon an, patisipan yo dwe genyen yon ide jeneral sou kisa fòmasyon « GCOU » a ye.

### 2.1. **Bi atelye fòmasyon sila a :**

Fòmasyon sou GCOU a li vize bay patisipan yo konesans, metòd ak zouti ki nesèsè pou yo kapab pibyen jere yon sant operasyon ijans.

### 2.2. **Objektif espesifik yo**

#	Objektif
1	Konnen kisa GCOU a ye depi nan prezantasyon grand liy fòmasyon an.
2	Analize epi kritike pratik jesyon yon sityasyon ijans a travè yon senaryo ki defini sous a.
3	Kapab fè diferans ant CLPC ak KOUL.
4	Prezante òganigram GCOU a epi defini wòl chak « Aire » ak sèktè yo.
5	Konnen byen modalite SAP ki gen rapò ak tip evènman ke nap jere a travè GCOU a.
6	Simile sou bòn Pratik GCOU selon apwòch ki defini nan òganigram nan.

### 2.3. **Leson ki pral devlope yo :**

- Entwodiksyon
- Senaryo ijans
- Apwòch Jesyon risk ak Jesyon dezas
- SAP
- Jesyon Sant Operasyon Ijans

### 2.4. **Metòd ki dwe anvizaje**

Metòd atelye a patisipatif, li santre sou patisipan yo. Kidonk patisipan yo ap gen pou travay an gwoup pou reflichè sou senaryo ki nesèsè pou byen jere sant operasyon ijans lan.

## 2.5. Rezilta ki nesesè nan kad atelye sila a

#	Rezilta
1	Patisipan yo dwe byen konprann epi metrize metòd ki defini pou jesyon ijans selon òganigram COU a.
2	Patisipan yo dwe byen konprann epi metrize sistèm alèt prekòs ki defini pou enfòmè ak sansibilize kominote yo nan kad pasaj posib yon evènman advès.
3	Patisipan yo dwe kapab fè yon demonstrasyon sou fason sant operasyon ijans lan dwe òganizel poul ranpli wòl li lòske genyen ijans.

## 2.6. Evalyasyon

Avan nou kòmanse atelye ya, nou bezwen gen yon ide sou kisa patisipan yo konnen deja sou modil GCOU a. Nan sans sa, yap gen pou pase yon Pretès. Pandan dewoulman leson yo, nan travay gwoup yo, nap rive kapab evalye pèfòmans chak moun separeman.

Epi aprè fòmasyon an, patisipan yo ap gen pou pase yon pòstès yon fason pou n ka wè si gen aprantisaj. Pòstès sa kapab fèt sou fòm similasyon pratik sou metòd GCOU.

### 1.7 Kòbèy :

Tout kesyon ki pa gen rapò dirèk ak objektif atelye GCOU a, nap mete ekri yo nan sou gwo fèy blanch ki prepare pou sa. Konsa, nan dènye jou fòmasyon an, nap kapab pran yon ti tan pou n reflechi sou yo. Se yon prensip ke tout moun dwe dakò ak li pou fasilite bon dewoulman atelye ya.

## 2.7. Analiz atant patisipan yo

Pou mete fen ak leson Entwodiksyon an, Fòmasyon yo ap pase yon posit bay chak patisipan. Patisipan yo ap ekri yon bagay ou byen yon atant ke yo genyen eke yo espere ke fòmasyon an an mezi pou konble. Lòske fomite yo fin kolekte atant yo, yap genyen pou mete yo pa kategori epi yap konte kantite patisipan ki nan chak kategori. Konsa, kategori ki pa gen rapò ak objektif fòmasyon an, fomite yo ap gen pou bay o yon eksplikasyon sous a.

### III. Leson 2 Senaryo ijans

Nan kad leson 2 ya ki se Senaryo ijans, patisipan yo pral travay sou pasaj yon evènman siklonik de kategori 4.

Evènman sa genyen 2 bagay ki enpòtan ladanl: Premye bagay la se fason ke alèt yo ap pataje ak otorite local yo epi dezyèm bagay la se pratik tradisyonèl ke moun ki konsène yo itilize pou bay repons ak popilasyon an. Nou menm, nan kad travay ke napral fè, nap kritike tout movèz fason reyaksyon sou alèt yo ak repons sou enpak yo bay. Aprè, nap di ki pi bon fason pou jesyon ijans lan ta dwe fèt.

#### 3.1. Objektif

Analize reyaksyon sou alèt ak repons sou enpak yon ijans siklonik selon senaryo a.

#### 3.2. Kisa leson sa gen ladanl

Yon senaryo ki gen ladanl plizyè deklarasyon alèt ak reponse sou Pratik jesyon ijans nan kominote yo.

#### 3.3. Ki travay ke nou pral fè ?

Patisipan yo ap divize yo an gwoup ki gen maksimòm 5 moun. Yap gen pou li epi chèche konprann senaryo a. Après sa, yap gen pou reponn ak kesyon ki poze anba tèks la. Lòske tout gwoup fini, chak gwoup ap gen yon reprezantan pou fè prezantasyon travay la an gran gwoup.

#### 3.4. Deskriptif yon evènman advès (siklòn) nan kategori 4.

UHM ki se enstitisyon leta ki gen reponsabilite fè siveyans aleya idrometewowolojik yo difize yon alèt ki di ap gen yon tanpèt tropical kap nan kategori 4. Selon bilten sa, evènman sa gen posibilite pou frappe peyi dAyiti nan mwens ke 72 èdtan kap vini yo. Nan sans sa, Majistra te déjà fè apèl ak KASEK la pou enfòmèl sou sa. Nan demen, KASEK la resevwa yon apèl ki soti bò kote pwoteksyon sivil ki nan depatman an ki di l ke gen evolisyon nan fason ke danje ya ap avanse sou peyi ya. Nan sans sa, pwoteksyon sivil di KASEK la ke peyi ya sou alèt Jòn, sa ki te kreye anpil kè kase bò kote KASEK la. Antouka, pa bò kote pal, li te fè tout sal konnen pou pwoteje popilasyon seksyon an poul pat viktim. Demen potko menm rive, KASEK la resevwa yon lòt apèl ki soti bò kote pwoteksyon sivil ki dil ke peyi ya sou alèt Oranj. KASEK la te pè anpil, li te rele yon manm nan biwòl li mandel poul pase yon mesaj nan lari ya pou li yon fason pou di popilasyon an pou li pa soti, poul rete lakay li. Se konsa KASEK la te al dòmi paskel pat vle ke danje ya pranl nan lari.



Nan pita, Majistra zòn nan ak tout pwoteksyon sivil ki nan depatman an fè apèl ankò ak KASEK la, yo dil ke peyi ya sou alèt wouj. Nan sans sa, yo mande l poul pran tout bòn desizyon pou pwoteje popilasyon an. KASEK la te santil fatigue ak bagay sa epi se lè sa li rele manm pwoteksyonb sivil ki nan seksyon an li mande yo pou yo al fè sansibilizasyon pou di moun yo ke pral gen yon tanpèt twopikal kap gen pou pase pou yo pran prekosyon. Anpil moun ki te abite bò lanmè, anba mòn kap deboulonnen yo ak bò ravin yo te kouri ale nan legliz Metodis la pou abrite yo. Yo pat gen moun ki pou pran swen yo epi tou yo te grangou. Se jis aprè 2 jou ke danje ya fin pase, Majistra rele KASEK la li dil ke nou sou alèt vèt. Tout swit KASEK la fin tande bagay sa, li di tout moun kapab ale nan jaden nou ak nan tout lòt aktivite paske pa gen danje ankò tandiske ravi n yo te kontinye ap desann byen fò. Lòske moun yo te kòmanse soti nan lari, yo te konstate anpil dega ki fèt. Gen yon gwo pye zaboka ki tonbe nan liy rout prensipal pou rantre nan seksyon an. Sa ki lakòz pa gen pasaj pou machin, moto ak bèt yo. Moun nan katye pi gwo lokalite nan seksyon an yo an difikilte, kay yo pran dlo, yo nan lari epi yo bezwen manje ak dlo pou yo bwè. Gen moun ki blese nan popilasyon an epi tou genyen ki an koma ki paka rive pale. Tout sous dlo moun yo anvayi ak sab à kòz inondasyon te kouvri yo. Dlo sa yo pa sifizamman pwòp. Popilasyon an beswen bon dlo potab poul bwè ak sèvi. Gen yon gwoup vòlè kap veye pou al piye kay moun ki nanabri yo. Gen yon jèn demwazèl ki rele Anita ki victim, yo fè kadejak sou li nanabri Akil la.

Pou bay repons ak dega sa yo, manm pwoteksyon sivil yo te jis distribyen yon ti manje paske yo te jwenn yon ti don. Men se moun ki pi pwòch fanmi yo ki te jwenn. Epi nan ka ti Anita a, ti jennonm ki te fè kadejak la, yo pote manmanl plent pou li, manman an te bali yon vole baton poul pa janm fè sa ankò. Kelke jou aprè pasaj tanpèt la, moun yo te vin plis an difikilte : Pa gen manje, pa gen dlo, moun kay yo kraze te nan lari yo , yo te òganize yo nanabri sou yon teren piblik. Tout moun te kòmanse plyenyen paske leta pa montre yo kel genvolonte pou ede nan kriz sa. Yon sèl kamyon diri ak pwe ki te rantre nan seksyon an, men yon gwoup moun te piyel. Sa ki lakòz ke vrè viktim yo pat jwenn anyen. Aprè sa KAZEK la te jwenn yon don ki gen 37 pwela, men li tal distribyel nan zòn kote moun yo pi mizerab yo. Men manm CLPC yo te fache anpil paske KAZEK la pat enplikel yo nan pwosesis distribisyonan

### 3.5 Travay ke patisipan yo gen pou fè sou senaryo ya :

#	Kesyon
1	Fè tout analiz ki posib sou senaryo sa ke tèks la dekri ya. Di tout sa ki bon ak tout sa ke nou estime ki pat byen fèt nan kad jesyon kriz la swa nan fason KAZEK la te bay repons ak alèt yo oubyen nan repons apwè enpak yo.
2	Pwopoze yon bon fason ke evènman sa ki dekri nan senaryo a ta dwe jere selon eksperyans nou nan jesyon dezaz.

### 3.5. Ipotèz planifikasyon an reyaksyon sou alèt ak repons sou enpak ijans lan.

#	Kontni
3	<b>Ipotèz planifikasyon pou n ka byen reyaji sou alèt ak bay repons ak enpak ijans lan</b>

Aksyon selon senaryo a	Reyaksyon ki dwe anvizaje.	Ki « Aire »Sektè ki gen reponsabilite sa	Ki mwayen ke lap beswen pou sa.
Majistra fè apèl ak KASEK la, 72 èdtan avan evènman.	KASEK la dwe fè apèl ak 'Aire' kominikasyon pou mandel kovoque CLPC ya an ijans poul ka enfòme yo sou alèt sa.	Kòdinasyon ak Kominikasyon	Megafòn/ Watsap/SMS....
Deklarasyon alèt Jòn nan	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Aktivasyon CLPC</li> <li>- Sansibilizasyon nan lari.</li> <li>- Monte drapo Jòn.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Kòdinasyon</li> <li>- Kominikasyon</li> <li>- Lojistik</li> </ul>	Megafòn/ Drapo jòn ak ma drapo epi fisèl pou monte drapo a.
Deklarasyon alèt Oranj lan	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Reyinyon COUL</li> <li>- Sansibilizasyon nan lari.</li> <li>- Monte drapo Oranj</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Kòdinasyon</li> <li>- Kominikasyon</li> <li>- Lojistik</li> </ul>	Megafòn/ Drapo oranj ak ma drapo epi fisèl pou monte drapo a.
Deklarasyon alèt wouj	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Reyinyon COUL</li> <li>- Sansibilizasyon nan lari ak nan abri.</li> <li>- Monte drapo Wouj la</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Kòdinasyon</li> <li>- Kominikasyon</li> <li>- Lojistik</li> </ul>	Megafòn/ Drapo wouj ak ma drapo epi fisèl pou monte drapo a.
Deklarasyon alèt vèt	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Reyinyon COUL</li> <li>- Sansibilizasyon nan lari ak nan abri.</li> <li>- Monte drapo vèt la</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>- Kòdinasyon</li> <li>- Kominikasyon</li> <li>- Lojistik</li> </ul>	Megafòn/ Drapo vèt ak ma drapo epi fisèl pou monte drapo a.
Pye zaboka ki tonbe eki bloke wout la.	Entèkansyon pou debloke wout la.	Enfrastrikti ak Lojistik	Tronsonez/ Manchèt/ Rach.
Moun ki sinistre ki beswen dlo,	Distribisyon		Dlo/ Manje / Kit ijyèn/ Vetman.

manje ak rad....		Sekirite alimantè/ Lojistik ak kominikasyon	
Moun ki blese yo	Swen sante	Sante	Trous premye swen ak pèsonèl medical.
Vòlè ki vle kase kay moun yo	Siveyans nan katye yo	Sekirite	Montaj brigad pou siveyans an pèmanans.
Jèn demwazèl ki rele Anita ki victim zak kadejak la.	Pouswiv vyolè ya. Swivi medikal pou ANITA.	Pwoteksyon / Sekirite ak Sante.	Sipò lapolis ak lajistis. Sant santé pou swivi medical ANITA.
Kamyon diri ak pwa ki rive epi piye nan zòn nan	Planifikasyon (Reyinyon) a lavans pa sektè lojistik, Kominikasyon ak sekirite.	Sektè kòdinasyon, Lojistik, Kominikasyon ak Sekirite	Depo, sipò tout manm CLPC yo ak lis benefisyè yo.

#### IV. Leson 3 Apwòch Jesyon risk ak Jesyon dezaz

##### 4.1. Pwoteksyon Sivil

Se yon enstitisyon ki gen ladanl chef tout biwo leta yo ak reprezante konfesyon relijyez, òganizasyon kominotè de baz ak tout lòt gwoup òganize nan kominote ya. Enstitisyon sa kòdone pa Majistra si se nan yon komin, pa kazèk la si se nan yon seksyon.


##### 4.2. Objektif Pwoteksyon sivil :

Metòd travay	Objektif	Peryòd
Jesyon risk	Fòme, sansibilize ak konstwi enfrastrikti pou pèmèt ke kominote yo pi rezilyan pou fè fas ak evènman advès yo.	Tan nòmal/ Tan lapè
Jesyon dezaz	Kontribye nan sove lavi moun epi pwoteje byen ak anvironnman.	Tan ijans / Tan kriz


N.B : Pou jesyon risk yo, genyen yon òganigram ki montre kòman komite yo dwe òganize yo pou sa. Òganigram sa gen ladanl senk (5) « Aire » entèvansyon ki se : Kòdinasyon,

Prevansyon, Kominikasyon, Lojistik ak Repons. Wòl ak responsabilite chak « Aire » sa yo defini nan òganigram anba a.

**4.3. Òganigram Pwoteksyon Sivil/ Jesyon risk nan tan nòmal.**



4.3. Òganigram Jesyon Sant Operasyon Ijans nan tan kriz ou ijans.



## 4.4. Definisyon tack sektè yo nan kad GCOU

Column1	Column2	Column3	Column4	Column5
<b>Sektè enpòtan nan kad Jesyon Sant Operasyon Ijans</b>				
<b>Sektè</b>	<b>Wòl</b>		<b>Sektè</b>	<b>Wòl</b>
<b>Sante</b>	Pran swen blese yo, evalye sant santé yo epi fè prevansyon kont lòt malady ak gwosès prekòs		<b>Edikasyon</b>	Evalye dega sou lekòl yo epi analize beswen an materyèl, reyabilitasyon ak asistans pou paran yo.
<b>Sekirite alimantè</b>	Bay moun ki an nesosite manje, evalye dega nan sekte agrikol epi tou evalye kalite manje ki disponib pou konsomasyon moun yo		<b>Enfrastrikti</b>	Evalye dega sou bati yo, fè debleman epi defini kritè pou reyokipasyon bati yo.
<b>Sekirite</b>	Bay sekirite epi pote siveyans sou moun, byen ak anviwonman		<b>Abri</b>	Evalye epi active abri yo. Asire n ke chak abri gen yon komite ki fòme nan modil GAP kap jerel
<b>Pwoteksyon</b>	Pote siveyans, bay swen epi asire ke moun ki pi vilnerab ( Fanm ansent, andikape..) yo benefisye èd nan kad ijans lan		<b>Rechèch ak sovtaj</b>	Fè rechèch evakyasyon pou sove lavi moun an difikilte

## V. Leson 4/ SAP

### 5.1. Objektif leson sa

Leson 4 la vize bay patisipan yo konesans sou mekanis ki preetabli pou enfòmasyon an sou tip prevansyon kel dwe fè pou pwoteje tèt li sou yon danje ki menase rive rapidman.

### 5.2. Konsèp yo (Sistèm, Alèt, Alam, Prekòs)

Konsèp yo se tout tèm ki enpòtan ki pèmèt ke patisipan yo kapab genyen yon bon konpreyansyon sou kisa SAP la ye. Konpreyansyon jeneral sa kapab ede yo devlope kapasite pou monte pwòp sistèm alèt yo nan kominote ya pou resoud yon seri pwoblèm nan diferan domèn.

### 5.3. Objektif

Nan kad prezantasyon sa a, Fasilitatè ya ap gen pou eksplike konsèp Sistèm, Alèt, Prekòs epi tou etabli diferans ant alèt ak alam.

### 5.4. Sistèm

Kòm definisyon, yon sistèm se yon ansanm eleman ki retwouve yo nan yon menm anviwònman, chak eleman yo gen responsablite pa yo, men yo dwe atenn menm objektif (Sous: Diksyonè Robert 1998).

Sistèm			
Karakteristik 1	Karakteristik 2	Karakteristik 3	Karakteristik 4
Ansanm eleman (Moun, Materyèl ak Estrateji) yo, yonn diferan de lòt.	Chak eleman gen pwòp travay pal.	Eleman yo retwouve yo andedan yon menm anviwònman travay.	Chak eleman yo dwe travay pou atenn menm objektif.

### 5.5. Alèt

Definisyon ki pi senp, ki pi fasil ke tout moun konnen sèke yon alèt se yon avètisman ki fèt pou prevni yon moun ou yon gwoup moun sou yon danje ki gen posibilite pou rive oubyen ki deja sou chemen moun sa (Sous: Diksyonè Robert 1998).

Egzanp 1: Yon moun ki ap mache eke yon lòt moun avizel ke genyen yon twou pi devan nan chemen ke lap pase ya, se deja yon alèt.

Egzanp 2: Yon chofè kap kondwi eke sou wout la li wè yon pano ki genyen yon senbòl ki dil ke genyen yon koub pi devan, se deja yon alèt paske koub la reprezante yon danje. Nan sans sa, chofè sa dwe fè atansyon pou li kouri mwens yon fason poul ka pwoteje tèt li ak lòt moun ki nan machine nan.

Egzanp 3: Yon gwoup moun ki an depasman, yo antann yo ke lè yo rive nan zòn ke yo prale ya, si gen pwoblèm ensekirite, gen yon moun kap deklanche yon kout siflè yon fason pou tout lòt moun yo ka sou men yo. Astis sa se deja yon alèt.

### 5.6. Remak enpòtan:

Pou SNGRD/Ayiti, yon alèt se yon mesaj ofisyèl ki deklare pa yon sous ki la pou sa. Chak domèn genyen pwòp enstitisyon pal ki gen otorite pou kominike alèt pou prevni popilasyon an sou danje ki gen rapò ak li.

Egzanp 1 : Si gen yon machin ki fè aksidan, enstitisyon ki gen otorite pou bay enfòmasyon epi tou bay alèt sou risk aksidan se PNH.

Egzanp 2 : Si gen yon maladi kelkonk ki deklare nan yon zòn, enstitisyon ki gen otorite pou bay enfòmasyon epi bay alèt sou risk pou enfekte ak kontamine pa maladi sa se MSPP.

Egzanp 3 : Si gen dega ki koze pa yon siklòn, enstitisyon ki gen otorite pou bay enfòmasyon ak bay alèt sou risk ki gen rapò ak sa se DGPC.



### 5.7. Alam

Alam nan se tout mwayen ke yon moun oubyen yon gwoup moun kap itilize pou fè pase yon alèt (Mesaj). Mwayen sa yo dwe sèvi kòm metòd pou rann mesaj la pase pi byen eke moun ka konprann epi pote atansyon ak mesaj la.

Egzanp 1: Avan ke yon moun fè pase yon mesaj nan megafòn, li ka pase siren megafòn nan yon fason poul ka atire atansyon piblik la.

Egzanp 2: Nan ka pwoteksyon sivil, yon ti virewon avèk manm li yo pandan ke yo pote mayo ak chazib pwoteksyon sivil la se yon alam ki kapab atire atansyon popilasyon an avan ke nou kominikel yon mesaj.

Kidonk, alam nan se yon preparasyon ki fèt pou anonse ke pral gen yon alèt (Mesaj).

### 5.8. Prekòs

Lòske nou gade diferan egzanp alèt yo, nou wè ke tout avètisman yo bay, anonse yon danje. Kidonk konsèp prekòs la vle di ke alèt la ap enpòtan ke si sèlman li pèmèt ke moun kapab gentan fè prevansyon pou evite kel victim de danje ya. Nan sans sa, alèt yo dwe kominike avan pasaj evantyèl danje ya, yon fason pou popilasyon an kapab gentan aplike konsiy pou pwoteje tèt li.

### 5.9. Egzèsis

Egzèsis 1	Egzèsis 2	Egzèsis 3
Sone yon lanbi pou rasanble moun pou vini nan eskwad se yon :	Lapli fin tonbe, zòn yo inonde, moun mouri, aprèsa Pwoteksyon sivil alète kominote ya ke viktim yo pral jwenn asistans. Daprè nou, alèt sa li:	Ti Jan anvizaje monte sou SAP pou lite kont ensekirite nan katye kotel abite ya, di nou antanke konsiltan an montaj SAP ki konsèy ke

Alam	Efikas	w ka pote pou sistèm nan monte.
Alèt	Pa efikas	

### 5.10. Gwoup travay yo.

Pou devlope yon SAP, li enpòtan pou nan konsepsyon sistèm nan genyen 4 gwoup ki fòm eke chak gwoup yo pral gen pwòp responsabilite pa yo. Konsa, nan kad prezantasyon sa, nou pral analize wòl ak responsabilite chak gwoup yo.

#### 5.10.1. Objektif :

Nan kad prezantasyon sa, nou gen 2 objektif ke nap pouswiv :

#	Objektif
1	Enimere 4 gwoup travay ki dwe genyen nan konsepsyon yon sistèm alèt prekòs kominotè.
2	Defini wòl ak responsabilite chak chak gwoup yo genyen nan kad travay pou rann SAP la fonksyonèl.

#### 5.10.2. Gwoup de travay SAP yo :

#	Gwoup SAP
1	Konesans danje
2	Sivèyans danje
3	Lojistik
4	Kominikasyon

**5.10.3. Wòl ak responsabilite gwoup SAP yo :**

#	Gwoup SAP	Wòl ak responsabilite
I	Konesans danje	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Analize risk yo nan kominote ya.</li> <li>2. Sansibilize kominote ya sou risk yo.</li> </ol>
<b>Metòd</b>		
<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Obsèvasyon sou anviwònman an.</li> <li>2. Idantifikasyon risk yo nan kominote ya.</li> <li>3. Fokis gwoup</li> <li>4. Pòt a pòt</li> <li>5. Rasanbleman.</li> </ol>		

#	Gwoup SAP	Wòl ak responsabilite
II	Siveyans danje	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Siveye tout danje ki rive oubyen ki prezante siy ki montre ke gen posibilite pou yon danje rive nan kominote ya.</li> <li>2. Kolekte tout done sou danje ak siy danje yo nan kominote ya.</li> </ol>
<b>Metòd</b>		
<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Obsèvasyon sou anviwònman an.</li> <li>2. Rechèch</li> </ol>		

#	Gwoup SAP	Wòl ak responsabilite
III	Kominikasyon	Kominike enfòmasyon sou alèt yo bay popilasyon an ak otorite ki la pou sa.
<b>Metòd</b>		
<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Pale nan megafòn.</li> <li>2. Bandwòl.</li> </ol>		

3. Pankat ou pano sansibilizasyon.
4. Whatsapp
5. Email
6. SMS
7. Apèl telefonik

#	Gwoup SAP	Wòl ak responsabilite
IV	Lojistik	Analize bezwen ki nesèsè pou fonksyònman yon SAP nan kominote ya.
<b>Metòd</b>		
Rechèch. Atelye travay (Fokis gwoup) avèk moun ki nan kominote ya.		

### 5.11. Kòd koulè estratejik ak ivo vijilans yo

#### 5.11.1. Nivo vijilans yo

Genyen senk (5) nivo vijilans ki predefini nan kad prensip estratejik SNGRD/Ayiti ya. Pou chak nivo vijilans sa yo, genyen yon senbòl drapo ki fè konnen kantite tan rapwochman danje ya de kominote ya.

Answit, pou chak vijilans popilasyon SAP la gen yon konpòtman kel dwe genyen. Nivo vijilans sa yo se:

Nivo 1	Nivo 2	Nivo 3	Nivo 4	Nivo 5
Pre-alèt 72 èdtan avan danje ya.	Vijilans jòn 48 èdtan avan danje ya.	Vijilans oranj 36 èdtan avan danje ya.	Vijilans wouj 12 èdtan avan danje ya.	Vijilan vèt (Leve alèt la tout swit aprè pasaj danje ya.)

### 5.11.2. Senbòl koulè drapo

Genyen kat (4) koulè drapo ki predefini pou senbolize estrateji kominikasyon SAP la pou SNGRD/Ayiti. Koulè sa yo se Jòn, Oranj, Wouj ak Vèt.

### 5.11.3. Konpòtman pou chak nivo vijilans

Tablo sa ke nou prak prezante ya, di ki konpòtman ke popilasyon an dwe genyen fas ak chak nivo vijilans nan kad SAP la.

Nivo 1-Pre alèt	Nivo 2 – Vijilans jòn
<p>Planifikasyon entèn ant manm komite</p> <p>Pwoteksyon sivil yo.</p> <p>Kòdonatè ya gen pou konvoke komite ya pou 2 bagay.</p> <p>Enfòmèl sou bilten alèt la epi mande manm yo reta an atant pou si gen evolasyon.</p>	<p><b>Apèl pou preparasyon.</b></p> <p>Se nan faz sa ke popilasyon an komanse sansibilize sou bilten yan eke li dwe preparel pandan ke lap aplike konsiy sa yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Jesyon papye enpòtan l yo.</li> <li>▪ Apwovizyònman an dlo ak nouriti ki pap gate.</li> <li>▪ Ranfòse kay kel abite epi evalye nivo sekirite anviwònman an.</li> <li>▪ Reflechi sou yon plan evakyasyon si gen bezwen pou sa.</li> <li>▪ Tande radyo</li> </ul>
Nivo 3- Vijilans oranj	Nivo 4 – Vijilans wouj
<p><b>Apèl pou evakyasyon.</b></p> <p>Popilasyon ki nan zòn danje yo ap gen pou deplase ale nanabri ki pi prè yo a avèk sak ijans yo.</p> <p>Epi manm komite</p>	<p><b>Apèl pou konfinman.</b></p> <p>Moun ki déjà lakay yo ap rete lakay. Men moun ki te nanabri yo ap rete nanabri jiskaske danje a fin pase.</p> <p><b>Konsiy :</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Pa gaspiye manje ak dlo.</li> <li>▪ Kominike ak sms olye de apèl telefonik.</li> </ul>

<p>Pwoteksyon sivil la ap kontinye fè sansibilizasyon.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Tande radio.</li> <li>▪ Aplike konsiy otorite local yo.</li> <li>▪ Komite abri yo ap kontinye sansibilize moun ki nan abri yo.</li> </ul>
<b>Nivo 5 Alèt vèt</b>	
<p><b>Danje a fin pase. :</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Pa gentan kouri al travèse la rivyè.</li> <li>▪ Toujou pa gaspiye manje ak tout lòt resous ke nou genyen.</li> <li>▪ Kontinye tande radyo.</li> <li>▪ Komite pwoteksyon sivil la ap kontinye sansibilize popilasyon an.</li> </ul>	

## VI. Leson 5/ Jesyon sant opèrasyon ijans

### 6.1. Òganigram Jesyon Sant Operasyon Ijans

Pou nou rive kondwi yon seyans similasyon sou modil Jesyon Sant Operasyon Ijans lan, nap bezwen premyèman divize espas sal l'an twa (3) gran blòk.

- Blòk 1 yan se espas ki rezève pou syej biwo kòdinasyon sant lan.
- Blòk 2 yan se espas ki rezève pou syèj sekte sipò yo ki se **Jesyon done, Kominikasyon ak Lojistik**.
- Blòk 3 se yon pi gran espas ki rezève pou syèj sektè repons yo. Andedan sekte sa nou jwenn 8 gwoup ki se : **Sante, Rechèch ak sovtaaj, sekirite alimantè, Abri, Edikasyon, Sekirite, Pwoteksyon, Enfrastrikti. Konsa, wòl chak shak sektè sa yo byen defini.**

### 6.2. Aranjman sant la selon standa apwòch sektoryèl yo.

Chak sektè yo dwe asire yo ke espas syèj sektè ya byen aranje epi dekore byen bèl. Nan mi chak sektè oubyen sou yon tablo ki prepare pou sa, non sektè ya ap ekri, wòl li ak nimnewo telefòn chak manm yo. Après, ap gen yon dezyèm tablo ki gen ladanl faz bilten yo, nivo vijilans ki an vigè pou moman an ak fè a sinyale ki anrejistre pou jounen an.

### **6.3. Similasyon sou alèt preparatwa sou evènman advès la ak monitoring sou analiz sityasyon an ak kòlèk done depi nan sant lan.**

Faz sa enpòtan anpil. Se ladanl patisipan yo pral kapab reyalize yon ti egzèsis similasyon sou fason yo dwe jere yon sant operasyon ijans. Sa mande yon bon jan preparasyon. Fasilitatè yo pral òganize jwèt la Konsa :

- Nap bezwen yon moun oubyen 2 moun ki pral jwe wòl Lojistisyen se ki tou kap gen pou ranpli fonksyon DEKLANCHÈ pou lanse mesaj alèt yo avèk swa yon siflè, yon megafòn oubyen yon lanbi, sirèn ou tout lòt materyèl ki ka pwodwi yon son ki apwopriye pou sa.
- Nap bezwen yon moun ki pou jwe wòl kòdonatè oubyen Direktè egzèsis la an li menm. Se moun sa kap gen repopnsabilite pou planifye, kòdone epi fè fòmasyon preparatwa sou egzèsis la yon fason pou jwe yo ka byen konprann jwèt la.
- Nap bezwen pou pi piti 2 moun ki pou jwe wòl EVALYATÈ. Moun sa yo ap gen nan men yo yon TDR ki deja define kijan jwèt la dwe jwe. Moun sila yo ap gen pou note fòs ak feblès jwè yo nan jwèt la epi tou kontwòle si sektè yo ranpli fonksyon ke yo ted we ranpli selon tach yo.
- Nap bezwen repati jwè yo nan diferan sektè ki define nan òganigram GCOU a. Nan chak sektè nap bezwen yon moun ki pou jwe wòl Reseptè alèt. Se moun sa kap gen pou vin resevwa mesaj alèt pou sektèl la chak fwa ke deklanchè ya fè apèl ak yo.
- Epi tou, plan ki gen estrateji ak kontni sou yo ke jwè yo pral egzèse, sa rete sou lidèchip fòmasyon ya piske modifikasyon kap fèt a nenpòt ki moman. Kidonk metodoloji sa kapab gen yon ti diferans de yon moun ak yon lòt selon ekspètiz ak eksperyans moun ki ap monte metodoloji sila.

## VII. Bibliyografi

- SNGRD, *Manuel du Centre d'Opération d'Urgence*, Haiti, 2006.
- SNGRD, *Rapport exercice de simulation*, Haiti, 2014.
- Ministère du développement du Nord et des Mines, *Plan d'Intervention en cas d'urgence*, Ontario, 2018.
- SNGRD, *Plan National de Gestion des Urgences*, Haiti, septembre 2009.
- Ministère de la sécurité publique, *Guide pour la planification de la gestion des urgence*, Canada, 2021